PUPUH X: GIRISA (8a, 8a, 8a, 8a)

No.	Alih Aksara	Terjemahan
1.	Sang Senapati ngaděg duka nupiksa sratira lamun uninya měngkana mesěm sarya angandika	Sang Senapati bangkit amarahnya, mengetahui isi suratnya, kalau demikian bunyinya, (lalu) tersenyum sambil berkata
2.	Mring kang Paman Mandaraka tanapi lawan arinya Jěng Pangran Jipang punika eh ta Paman Mandaraka	kepada pamanda Mandaraka, dan juga pada adiknya Kanjeng Pangeran Jipang, “Eh paman Mandaraka
3.	Těnapi lawan dhi sira padha denangatya-atya lawan denprayitneng baya si Pajang kudu prakosa	dan juga engkau adinda, semua berhati-hatilah dan waspada akan bahaya, si Pajang ingin (menunjukkan) keperkasaannya,
4.	Ngajak aprang bandawala kados pundi kang prayoga kalawan ta adhi sira Ki Mandaraka maněbda	mengajak perang tanding. Bagaimana pendapat engkau adinda?” Ki Mandaraka berkata,
5.	Eh ya jěbeng yen sěmbada wong (h. 365) Měntaram saananya kělawan wong Jipang ika payo nuli pangkat yuda	“Hai anakku kalau berani orang Mataram seadanya, dengan orang Jipang itu, ayo segera berangkat,
6.	Mumpung Pajang měksih sěpya mesěm Kangjěng Senapatya lawan aris angandika punika prajurit nistha	mumpung Pajang masih sepi.” Kanjeng Senapati tersenyum, dengan halus berkata, “Itu prajurit nista.
7.	Paman ing kajěng kawula ngěntosi sapěpakira kang bala Pajang sědaya Ki Mandaraka ngandika	Paman, menurut pendapatku, menunggu lengkapnya semua prajurit Pajang.” Ki Mandaraka berkata,
8.	Jěbeng ya luwih utama	“Anakku ya lebik baik,

No.	Alih Aksara	Terjemahan
	pan ingsun melu kewala wus apa sakarsanira nulya Kangjěng Senapatya	aku menurut saja, apa kehendakmu” Lalu Kanjeng Senapati
9.	Sampun akarya nuwala pan sinungakěn kang duta datan winarna ing marga Pajang mapan sampun prapta	sudah membuat surat diberikan kepada duta. Tak diceritakan di jalan, sudah sampai di Pajang.
10.	Wus katur ponang nuwala winaca sinukmeng nala mring Sultan Pajang punika těmbunging kang raka kara	Surat sudah disampaikan, dibaca dipahami dalam hati oleh Sultan Pajang, kata-kata kalimat dari kakanda.
11.	Eh adhi Pajang ta sira yen wis měngkono karsanya pěpakěna rerehanira kabeh ja na keri padha	“Hai adinda Pajang, kalau demikian kehendakmu, lengkapilah bawahanmu, semua jangan ada yang ketinggalan.
12.	Pan ingsun anteni sira (h. 366) lan poma densuměkta yen wis kabeh padha prapta nuli weha weruh sira	Aku tunggu engkau dan bersiap-siaplah. Kalau semua sudah datang, lalu engkau hendaknya memberitahu,
13.	Anuli pasthi sun prapta payo padha bandayuda aja na ngoncati ngrana denpadha sura měrata	pasti aku lalu datang. Ayo kita perang tanding, jangan ada yang menghindari perang, sama-sama kekuatannya.
14.	Sultan Pajang sawusnya tupiksa ponang nuwala Sang Senapati Ngalaga langkung suka ing tyasira	Sultan Pajang setelah mengetahui surat Sang Senapati Ngalaga sangat senang hatinya,
15.	Nulya aris angandika wus duta sira baliya layang iki paringěna	lalu halus katanya, “Sudah duta engkau pulanglah. Surat ini berikanlah

No.	Alih Aksara	Terjemahan
	marang Senapati Ngalaga	kepada Senapati Ngalaga.”
16.	Wus lengser sangking ing ngarsa, tan winarna marga prapta gya katur ponang nuwala winaca nukmeng driya	Sudah mundur dari hadapan, tak diceritakan di perjalanan, segera menyampaikan surat, dibaca dipahami di dalam hati.
17.	Riwusnya tinupiksa mesěm Kangjěng Senapatya nulya aris angandika mring kang Paman Mandaraka	Setelah membaca, tersenyum Kanjeng Senapati, lalu halus katanya kepada Paman Mandaraka
18.	Lan kang rayi Jipang ika lah padha dipunsaměkta samangsane layang prapta ingsun nuli brangtayuda	dan adinda Jipang, “Nah bersiap-siaplah, kalau saatnya surat datang, aku lalu perang tanding.”
19.	Kang rayi matur sa- (h. 367) ndika tanapi Ki Mandaraka ěněngna Měntaram ika ing Pajang ingkang winarna	Adindanya menyatakan bersedia, dan juga Ki Mandaraka. Hentikan di Mataram. Di Pajang diceritakan,
20.	Měpak sagung pra dipatya kang kěreh Pajang sědaya lawan sagěgamanira wus prapta sagěgamanira	lengkap semua para adipati yang di bawah Pajang, dengan senjatanya, sudah datang lengkap dengan senjatanya.
21.	Sang Nata Pajang anulya karya panggungan wus dadya prěnahe sajroning pura badhe kinarya tupiksa	Raja Pajang lalu membuat panggung sudah jadi, letaknya di dalam istana, akan dijadikan untuk memantau.
22.	Pěrange Sang Senapatya yen benjang kělamun prapta saking těbih mapan nglela kawarna kang pra dipatya	pertempuran Sang Senapati, kelak besok kalau datang, dari kejauhan tampak jelas. Diceritakan para adipati,

No.	Alih Aksara	Terjemahan
23.	Wus prapta Pajang sědaya lawan prajuritira neng ngalun-alun barisnya tan petung kathahing jalma	sudah datang di Pajang semua, dengan prajuritnya, di alun-alun barisnya tak terhitung banyaknya manusia
24.	Běleber mring lurung samya Sang Nata Pajang anulya kintun surat nantang yuda dhumatěng Sang Senapatya	hingga memenuhi seluruh jalan. Sang Raja Pajang lalu mengirim surat menantang perang kepada Sang Senapati.
25.	Risawusnya tinupiksa mesěm Kangjěng Senapatya nulya aris angandika mring kang paman Mandaraka	Setelah dibaca Kanjeng Senapati tersenyum, lalu halus katanya kepada pamanda Mandaraka,
26.	Těnapi mring ari- (h. 368) nira Pangeran Jipang punika apa wus padha suměkta yayi prajurit sadaya	dan juga kepada adinda Pangeran Jipang, “Apakah sudah siap adinda dan prajurit semua?”
27.	Jěng Pangeran aturira inggih sampun sawontěnnya nulya Kangjěng Senapatya parentah kinen těngara	Kanjeng Pangeran katanya, “Ya sudah seadanya.” Lalu Kanjeng Senapati memerintahkan membuat tanda.
28.	Sumahap kang wadya kuswa lir tumurun saking ngarga kang busana warna-warna kalih ewu kang wětara	Siap seluruh prajurit, bagai turun dari gunung. Busananya berwarna-warni, sekitar dua ribu,
29.	Prajurit Jipang sědaya Měntaram sewu punika dadya tri ewu sědaya nulya budhal Senapatya	semua prajurit Jipang, Mataram seribu, jadi tiga ribu semuanya, lalu berangkat Senapati.
30.	Tata gělar dhedher samya wong Jipang Měntaram ika	Siasat perang dijabarkan semua, orang Jipang dan Mataram,

No.	Alih Aksara	Terjemahan
	ngewong Pathi wus uninga dadya akenděl kewala	orang Pati sudah mengetahui, jadi diam saja.
31.	Měngkana Jěng Sang Pragola Pathi nulya nanděr sigra panggih lan Mayang Dipatya wus lajěng ngirit tumulya	Demikianlah Kanjeng Sang Pragola Pati lalu segera bertindak, menemui Adipati Mayang lalu membawa (prajurit).
32.	Cundhuk lan Sang Senapatya tumulya angaras pada rinangkul risang Pragola dhatěng Kangjěng Senapatya	Bertemu dengan Sang Senapati, lalu bersujud di kaki, dipeluk sang Pragola oleh Kanjeng Senapati.
33.	Kurang thithik yayi si- (h. 369) ra kasamaran aneng marga sawusnya samya pranata pan lajěng gumujěng suka	“Kurang sedikit adinda engkau tertinggal di jalan.” Setelah semua datang lalu tertawa senang.
34.	Sang Senapati atanya sira gawa bala pira matur Sang Dipati Pragola sewu tan kathah langkungnya	Sang Senapati bertanya, “Engkau bawa prajurit berapa?” Sang Adipati Pragola berkata, “Seribu lebih sedikit”
35.	Wus payo sira dhingina wong Pathi dadya pangarsa tiněngěraan budhalira datan winarna ing marga	“Sudah ayo engkau dahulu.” Orang Pati sebagai pemuka, ditandai keberangkatannya. Tak diceritakan di jalan,
36.	Wus prapta jawining praja Sang Senapati anulya měsanggrahan karsanira mapan sarwa nata bala	sudah tiba di luar kerajaan. Sang Senapati lalu hendak membuat pesanggrahan, serta menata prajurit.
37.	Karya tarub gung wus dadya pan lajěng Sang Senapatya kasukan sadina-dina lan sagung kang wadya kuswa	Membuat peneduh besar sudah jadi, lalu Sang Senapati bersuka-suka setiap hari, dengan seluruh prajuritnya.

No.	Alih Aksara	Terjemahan
38.	Mĕngkana Pajang winarna Jĕng Sultan sampun uninga yen Senapati sĕbala prapta mĕsanggrahan samya	Demikianlah diceritakan di Pajang, Kanjeng Sultan sudah mengetahui, kalau Senapati beserta prajuritnya datang membuat pesanggrahan
39.	Aneng sajawining kitha Jĕng Sultan miyos sineba pĕpak sagunging dipatya Jĕng Sultan aris ngandika	di luar kota. Kanjeng Sultan keluar di penghadapan, lengkap seluruh adipati, Kanjeng Sultan berkata dengan halus,
40.	Eh sakeh sanakingwang ing mĕngko a- (h. 370)[1] pa kang karsa mungsuhira pan wus prapta ana sajabaning kutha	"Hai seluruh saudaraku, sekarang apa yang dikehendaki? Musuhmu sudah datang di luar kota,
41.	Apa nora rinĕbasa ature kang pra dipatya yen parĕng karsa Nalendra prayogi ngantos kewala	apa tidak diserang?" Kata para adipati, "Kalau Raja berkenan, sebaiknya menunggu saja.
42.	Ing Mĕntaram prajuritnya ingkang satuhu punika kang kenging ingabĕn yuda mĕngkana Nata ngandika	Prajurit Mataram yang sesungguhnya dapat diadu perangnya." Demikianlah Raja berkata,
43.	Yen wus mĕngkono rĕmbugnya nging padha den-ngatya-atya sĕdaya matur sandika gya Nata luwar sineba	"Kalau sudah demikian kesepakatannya, hendaknya berhati-hatilah semua." Semua menyatakan bersedia, lalu Raja selesai dihadap.
44.	Kawarna Sang Senapatya sadina-dina drawina lan kang rayi katiganya tĕnapi kang kulawarga	Diceritakan Sang Senapati, setiap hari bersuka cita dengan ketiga adiknya, dan juga keluarga.

[1] Angkaning pada lĕpat (miturut baboning sĕrat). -→ Mulai kesalahan penomoran bait.

No.	Alih Aksara	Terjemahan
45.	Kang Paman Ki Mandaraka ingaturan sampun prapta Sang Senapati ngandika Paman punapa kang karsa	Pamanda Ki Mandaraka dipanggil sudah hadir. Sang Senapati berkata, “Paman bagaimana pendapatnya,
46.	Tan wontěn kawusaneya yen samya kenděl kewala něbda Kyai Mandaraka wus jěbeng mapan sumangga	tak ada penyelesaian kalau semua diam saja.” Kata Kyai Mandaraka, “Sudah Nak, terserah.”
47.	Dipati Mayang měngkana (h. 371) mapan sumangga kewala nanging Sang Pathi Pragola aturnya dhatěng Sang Nata	Demikianlah Adipati Mayang juga terserah saja. Tetapi Sang Pati Pragola katanya kepada Raja,
48.	Yen marěngi ingkang karsa pan majěng sarěng kewala amrih kiwul ing ngayuda kawula kang dados dhadha	“Kalau boleh berpendapat, semua maju bersama saja, supaya saling serang dalam perang. Hamba jadi penengah.
49.	Pangeran Jipang punika dadosa pěngawak kanan keri(ng)nya pun kakang Mayang lan ngirid wadya Měntaram	Pangeran Jipang ini supaya jadi bagian kanan, sisi kiri kakanda Mayang, dan mengawal prajurit Mataram.
50.	Panduka lěnggah kewala lan pun Paman Mandaraka mesěm Kangjěng Senapatya wus adhi ya suntarima	Paduka duduk saja dengan paman Mandaraka.” Tersenyum Kanjeng Senapati, “Sudah dinda ya saya setuju.
51.	Nanging ta pangran ingwang sěnadyan asor unggula kaya rusak balanira sarehne karoban sira	Tetapi pangeranku, walau menang atau kalah, sepertinya hancur prajuritmu, engkau karena kalah banyak,
52.	Pan nora tikěl sědasa dadya kang rayi sumangga	tidak ada sepersepuluhnya.” Jadi terserah adinda

No.	Alih Aksara	Terjemahan
	ing karsa Sang Senapatya kang raka nulya ngandika	pada kehendak Sang Senapati. Sang kakak lalu berkata,
53.	Wus adhi padha karia lawan paman Mandaraka tutugna asuka-suka lan sawadyabalanira	"Sudahlah adik tinggallah bersama paman Mandaraka, puaskan bersuka-suka dengan prajuritmu,
54.	Pan ing- (h. 372) sun lunga sadhela sĕdaya matur sandika nulya Kangjĕng Senapatya anitih Puspa Kancana	aku pergi sebentar." Semua menyatakan bersedia. Lalu Kanjeng Senapati menunggang Puspa Kencana
55.	Sinabĕt nandĕr tumulya siji nora gawa bala wus prapta ingkang sinĕdya lajĕng Kangjĕng Senapatya	Dicambuk lalu lari, sendiri tidak membawa prajurit. Sudah sampai yang dituju, lalu Kanjeng Senapati
56.	Ningali wadya ing Pajang katahira tan petungan neng ngalun-alun barisnya mĕngkana Sang Senapatya	melihat prajurit Pajang tak terhitung banyaknya, berbaris di alun-alun. Demikianlah Sang Senapati,
57.	Nĕnuhun marang Yang Sukma nungkĕmi kĕkĕpuhira mĕngkana kang pangandika e Allah Pangeran Mulya	memohon kepada Hyang Sukma bersujud di bawah pohon kepuh, demikian permohonannya, "Ya Allah Pangeran Mulia,
58.	Mugi Tuwan tutulunga mring abdi lang ina papa langip wus datanpa karya nging Tuwan ingkang kuwasa	semoga Tuan berkenan menolong, pada hamba yang hina papa, miskin tak punya pekerjaan, hanya Tuan yang kuasa.
59.	Saking wor munajatira Senapati lajĕng nendra aneng ing kĕkĕpuh nulya pan sampun angraga sukma	Karena kusyuk munajatnya, Senapati lalu tertidur, di bawah pohon kepuh sudah *ngraga sukma.*

No.	Alih Aksara	Terjemahan
60.	Ki Mandaraka winarna tinilar pěsanggrahannya nindhihi kang para putra gennya kasukan lan bala	Diceritakan Ki Mandaraka, ditinggal di pesanggrahan memimpin para putra, bersenang-senang dengan prajurit.
61.	Tan sa- (h. 373) keca manahira nulya aris angandika lah jěbeng padha kariya sun nusul kakangira	Tak enak hatinya, lalu bijak katanya, “Nah anakku semua tinggallah, aku menyusul kakakmu.
62.	Tutugěna suka-suka kakangira Senapatya saguhe maju ing rana dene suwe nora nana	Puaskanlah bersuka-suka, kakandamu Senapati, sanggup maju perang, mengapa lama tidak ada
63.	Suwarane kang sanjata nulya Kyai Mandaraka anitih turangganira cěcongklangan lampahira	suara senjata?” Lalu Ki Mandaraka menunggang kudanya, cepat-cepat jalannya.
64.	Prapta gen Sang Senapatya gumujěng Ki Mandaraka iki silih basakěna[2]	Tiba di tempat Senapati, tertawa Ki Mandaraka, ini bisa dikatakan
65.	Yata ingkang kawarnaa wong Padhang[3] geger barisnya wurohan ingkang swara ingamuk mring Senapatya	Adalah diceritakan, orang Pajang ribut barisnya, gemuruh suaranya, diamuk oleh Senapati.
66.	Tunjang-tinunjang pan samya pangrasane wong sědaya Senapati pangamuknya mapan sarwi nitih kuda	Saling bertubrukan semua, perasaan semua orang, Senapati mengamuk sambil menunggang kuda.

[2] Kurang satu baris.
[3] Sesuai konteks dibaca: *Pajang*

No.	Alih Aksara	Terjemahan
67.	Nu- (h. 374) lya Kyai Mandaraka tumingal wong kang lumayya alah iki ana apa ngong coba ingsun atanya	Lalu Kyai Mandaraka melihat orang yang berlarian, ada apa ini? coba saya tanya.
68.	Ki Mandaraka anulya cĕcongklangan lampahira tan pantara sampun panggya lawan jalma kang lumayya	Ki Mandaraka lalu bergegas jalannya, tak beberapa lama sudah bertemu, dengan orang yang berlari.
69.	Cinĕgatan lampahira lawan aris angandika anak mandhĕga sadhela pan ingsun arĕp atanya	Dicegat jalannya, dengan halus bertanya, "Nak berhentilah sebentar, aku akan bertanya,
70.	Iku anak ana apa dene wong padha lumayya kang tinanya saurira iya i[4] Sang Senapatya	ini ada apa? Mengapa orang berlarian?" (Seseorang) yang ditanya menjawab, "Iya, Ki. Sang Senapati
71.	Ngamuk aneng luhur kuda ngidĕg ngilĕs kudanira lan datan pasah ing braja tandangira anglir yĕksa	mengamuk di atas kuda. Kudanya menginjak menggilas, dan tak mempan senjata, tingkahnya seperti raksasa.
72.	Dene ta Sang Senapatya mapan lawung agĕmira mĕmateni marang jalma pan anglir cĕcak kewala	Adapun Sang Senapati *lawung* senjatanya, membunuhi manusia, seperti cicak saja."
73.	Ki Mandaraka ngandika anak suntuturi sira lah iki Ki Senapatya mapan i- (h. 375) ya lagya nendra	Ki Mandaraka berkata, "Nak aku beritahu, lah ini Ki Senapati sedang tertidur"
74.	Ki Mandaraka anulya	Ki Mandaraka lalu

[4] Sesuai konteks dibaca: ki

No.	Alih Aksara	Terjemahan
	tinunjang sarya lumayya měngkana pangucapira baya iki ta wong gila	diterjang sambil lari, demikian katanya, “Apakah ini orang gila?
75.	Sang Senapati Ngalaga ngamuk ngrusakake jalma těka tinuturkěn nendra baya wong rěp amet karya	Sang Senapati Ngalaga mengamuk merusak manusia, mengapa dikatakan tertidur? Apakah orang mencari perkara?”
76.	Ki Mandaraka měngkana baya iki wong gila tinuturan Senapatya mapan nyata lagya nendra	Demikianlah Ki Mandaraka, “Apakah ini orang gila? Diberitahu Senapati kenyataannya (ia) sedang tidur,
77.	Těka anunjang kewala ingsun nganti ěmeh tiba sarwa murugi kang putra winungu Sang Senapatya	mengapa menerjang saja? aku sampai hampir jatuh.” Sambil mendatangi sang putra, dibangunkannya Sang Senapati,
78.	Lah jěbeng sira wungua kudanira wus palastra kagyat Kangjěng Senapatya aniba Puspa Kěncana	“Nah Nak, engkau bangunlah, kudamu sudah mati.” Terkejut Kanjeng Senapati, terjatuh Puspa Kencana.
79.	Ngandika Sang Senapatya si Paman asalah karya lawan saturunku iya saja na anganggo ika	Berkata Sang Senapati, “Paman salah pilih, dan semua keturunanku jangan ada yang memakai
80.	Jaran lir Puspa Kěncana napas madu wulunira měngkana Ki Manda- (h. 376) raka aris denira ngandika	kuda seperti Puspa Kencana, nafas madu bulunya.” Demikian Ki Mandaraka halus perkataannya,
81.	Paran jěbeng karsanira mungsuhira geger samya Sang Senapati ngandika	“Apa nak kehendakmu, musuhmu ribut semua.” Sang Senapati berkata,

No.	Alih Aksara	Terjemahan
	Paman sampeyan pundhutna	“Paman engkau ambillah
82.	Kuda pun Sěngkali ika putra sampeyan katiga kalawan saprajuritnya kang samya numpak turangga	kuda Sengkali itu, putramu ketiganya, dan semua prajuritnya, yang menunggang kuda.
83.	Paman denenggal praptaa kang dharat samya nusula nulya Kyai Mandaraka sasanděran lampahira	Paman segeralah sampai, (mereka) yang berjalan kaki menyusullah.” Lalu Ki Mandaraka cepat-cepat jalannya.
84.	Datan pantara wus prapta kang samya nitih turangga gangsalatus winětara nulya Kangjěng Senapatya	Tak beberapa lama sudah sampai, semua yang menunggang kuda, sekitar lima ratus. Lalu Kanjeng Senapati
85.	Anitihi Kyai Singa kadya sinabět mamprung sanděrnya lawan rayi katiganya těnapi Ki Mandaraka	menunggang Kyai Singa. Bagai dicambuk melesat larinya, dengan ketiga adiknya, dan juga Ki Mandaraka.
86.	Gangsal atus prajuritnya samya sanděran sědaya tan pantara nulya prapta Pajang ngalun-alunira	Limaratus prajuritnya semua cepat-cepat. Tak beberapa lama sudah sampai di alun-alun Pajang,
87.	Wus bubar tan ana jalma Sulta- (h. 377) n Pajang kang winarna ningali neng panggungira mulat tělas wadyanira	sudah bubar tak ada orang. Diceritakan Sultan Pajang, melihat di panggung, tampak habis prajuritnya.
88.	Lan Senapati wus prapta kalawan sawadyanira Sang Nata anulya niba sangking ing panggungan ika	Senapati sudah datang dengan seluruh prajuritnya. Sang Raja lalu turun dari panggung itu.

No.	Alih Aksara	Terjemahan
89.	Lajěng murugi kang garwa měngkana kang pangandika paran baya polah kula dewa tan wande palastra	Lalu mendatangi sang istri, demikian katanya, Dewa tak berkenan membunuhku?
90.	Raka Paduka wus prapta Sang Senapati Ngalaga kalawan sawadyanira neng ngalun-alun sědaya	Kanda Paduka sudah datang, Sang Senapati Ngalaga, dengan seluruh prajuritnya, di alun-alun semuanya.”
91.	Mesěm Sang Rětna ngandika ujare sira kuwawa mungsuh Kangmas Senapatya ing měngko mara tutugna	Tersenyum Sang Putri katanya, “Katanya engkau kuat, Menghadapi Senapati Ngalaga, sekarang ayo lanjutkan,
92.	Kuwawaa Kangjěng Rama mangrěpa Sang Adipatya Sang Rětna mělas ngandika apa ta wus tobat sira	(masih lebih) kuat Kanjeng Rama.” Sang Adipati memohon. Sang Putri berkata dengan memelas, “Apakah dikau sudah bertobat?”
93.	Kang raka matur sumangga pějah gěsang lun katura dhumatěng raka Paduka Sang Rětna alon ngandika	Sang suami menyatakan, “Terserah hidup matiku kuberikan pada kakanda Paduka.” Sang Putri perlahan berkata,
94.	(h. 378) Yen měngkono wus kariya sun matur mring Senapatya měnawa ana kogělnya iya marang ingsun uga	“Kalau demikian tinggallah, aku menyampaikan kepada Senapati, mungkin merasa tidak tega ya kepadaku.”
95.	Anulya miyos Sang Rětna kawarnaa Senapatya wadya ingkang dharat samya pan sampun prapta sědaya	Lalu Sang putri keluar. Diceritakan Senapati, prajurit yang berjalan kaki sudah datang semua
96.	Sang Senapati Ngalaga lěnggah munggeng ing witana	Sang Senapati Ngalaga duduk di balai *witana.*

No.	Alih Aksara	Terjemahan
	Ki Mandaraka neng ngarsa lan Pangeran Jipang ika	Ki Mandaraka di depan dengan Pangeran Jipang,
97.	Lawan Sang Pathi Pragola Tuměnggung Mayang neng ngarsa Sang Rětna anulya prapta nyungkěmi pada karuna	dan Sang Pati Pragola, Tumenggung Mayang. (Mereka) di depan. Sang Putri lalu datang, mensujudi kaki dan menangis.
98.	Kagyat Kangjěng Senapatya lamun kang rayi karuna nulya aris angandika wus Ni Mas měněnga sira	Terkejut Kanjeng Senapati, kalau adindanya menangis, Lalu halus katanya, “Sudahlah Ni Mas diamlah engkau,
99.	Ana ngěndi lakenira Sang Rětna aris aturnya inggih kawula punika kinengken abdi Paduka	di mana suamimu?” Sang Putri halus katanya, “Ya saya ini, diutus abdi Paduka,
100.	Anuhun kang pangapura pějah gěsangnya sumangga me- (h. 371) sěm Kangjěng Senapatya wus ta mara timbalana	memohon pengampunan, hidup matinya terserah.” Tersenyum Kanjeng Senapati, “Sudahlah ayo panggillah.”
101.	Sang Rětna lengser sing ngarsa wangsul luměbět ing pura wus panggih lawan kang raka nulya aris angandika	Sang Putri mundur dari hadapan, pulang masuk ke istana, sudah bertemu dengan suaminya, lalu katanya halus,
102.	Wus mara sira sunbanda tinimbalan Senapatya Sang Dipati tan lěnggana sakarsa dhatěng sumangga	“Sudah ayo engkau kuikat, dipanggil Senapati.” Sang Adipati tak membantah, terserah menurut.
103.	Tan pantara wus binanda cindhe kěmbang kang kinarya nulya mědal sampun prapta ing ngarsa Sang Senapatya	Tak beberapa lama sudah diikat dengan kain cindai kembang, lalu keluar. Sudah sampai di hadapan Sang Senapati.

No.	Alih Aksara	Terjemahan
104.	Kagyat mulat Senapatya yen kang rayi pinusara nulya aris angandika lah ta iku pa geneya	Senapati terkejut melihatnya, kalau adiknya disiksa, lalu halus katanya, “Lah itu mengapa
105.	Si adhi nganggo pusara Sang Rĕtna aris aturnya mapan kinarya pratandha lamun sumangga ing karsa	si adik pakai disiksa?” Sang Retna halus katanya, “Sebagai tanda kalau menyerah pasrah.”
106.	Mesĕm Kangjĕng Senapatya ya uwis ingsun tarima si adhi wis uculana nulya anungkĕmi pada	Tersenyum Kanjeng Senapati, “Ya sudah aku terima, adinda. Lepaskanlah.” lalu mensujudi kaki.
107.	Pan asru (h. 380) dennya karuna riwusnya tata ngandika eh ta adhi paran karsa turira mapan sumangga	Keras tangisnya, setelah tertata lalu berkata, “Hai adinda, apa kehendakmu, mengapa mengatakan terserah?”
108.	Senapati angandika iya adhi karsaningwang ing mĕngko sira muliha tĕtĕpa Dĕmak nagara	Senapati katanya, “Ya adinda keinginanku, nanti engkau pulanglah, tetaplah di negeri Demak.
109.	Kalawan ya arenira sunpundhut muliha kuna aturnya inggih sandika lah ta wus adhi muliha	Dan adinda Kuminta kembali seperti dahulu.” Jawabnya, “Ya. (Saya) bersedia. “Nah sudahlah adinda pulanglah,
110.	Mring Dĕmak saiki iya donyanira ungsungana lamun nora na kang gawa wong Mĕntaram ngatĕrĕna	ke Demak sekarang. Hartamu bawalah. Kalau tidak ada yang membawa, orang Mataram akan mengantarkan.”
111.	Aturnya inggih sandika	Jawabnya, “Ya. (Saya) bersedia.”

No.	Alih Aksara	Terjemahan
	nulya lengser saking ngarsa budhal mring Dĕmak sakala wong Mĕntaram pan sĕdaya	lalu mundur dari hadapan, langsung berangkat ke Demak . orang Mataram semua
112.	Ngatĕrkĕn lan ngungsung donya binĕkta mring Dĕmak samya tan pantara sampun prapta ĕnĕngna Pajang winarna	mengantarkan membawa harta, semua dibawa ke Demak. Tak beberapa lama sudah datang. Hentikan, diceritakan di Pajang,
113.	Sang Senapati Ngalaga kang rayi ingangkat nulya nĕnggih Pangeran Bĕnawa (h. 381) jumĕnĕng Pajang nĕgara	Sang Senapati Ngalaga, adinda lalu diangkat, yaitu Pangeran Benawa bertahta di negeri Pajang.
114.	Sultan Pajang jĕjuluknya ingĕstren Ki Mandaraka lawan Pathi Sang Pragola Sang Nata aris aturnya	Sultan Pajang gelarnya, direstui Ki Mandaraka dan Sang Pragola Pati. Raja halus tuturnya,
115.	Kangmas punapa kang karsa pusaka Pajang sĕdaya kawula mapan sumangga Sang Senapati ngandika	“Kakanda apa yang dikehendaki? (Apakah) semua pusaka Pajang? Saya menurut.” Sang Senapati berkata,
116.	Ora adhi wis tĕtĕpa sira ingkang duwenana nging yen parĕng lawan sira kĕndhali kĕlawan kapa	“Tidak adinda, sudah tetaplah engkau yang memiliki. Hanya kalau diperkenankan olehmu, *kendhali* dan *kapa,*
117.	Iku bae kang suntĕdha Jĕng Sultan mapan sumangga mĕngkana Sang Senapatya aneng Pajang pan wus lama	itu saja aku minta.” Kanjeng Sultan menyerahkan. Demikianlah Sang Senapati, di Pajang sudah cukup lama,
118.	Awĕtara pitung dina nulya pamit kondur nulya Jĕng Sultan kĕdah dherekna	sekitar tujuh hari, lalu berpamitan pulang. Kanjeng Sultan hendak mengantarkan,

No.	Alih Aksara	Terjemahan
	nulya mangkat tan winarna	lalu berangkat. Tak diceritakan
119.	Marga Mĕntaram wus prapta Jĕng Sultan kondur tumulya lawan Dipati Pragola tata tita pan wus lama	di jalan, sudah tiba di Mataram. Kanjeng Sultan lalu pulang bersama Adipati Pragola. Konon cerita sudah lama,
120.	Putranira pan wus lama ingkang (h. 382) jalu pan tĕtiga wus sinung nama sĕdaya ngran Juminah bayunya	Putranya sudah lama, laki-laki tiga, sudah diberi nama semuanya, Pangeran Juminah sulungnya,
121.	Arinira Den Rangga kang ibu saking Prawata anulya Pangran Purbaya saking Giring ibonira	adiknya Raden Rangga, yang beribu dari (keturunan Sunan) Prawata. Lalu Pangeran Purbaya, dari Giring ibunya.
122.	Waruju Pangran Dipatya saking Pathi ibunira mĕngkana mapan wus lama ing Pajang ingkang winarna	Bungsu Pangeran Adipati dari Pati ibunya. Demikianlah sudah lama, diceritakan di Pajang,
123.	Langkung kartaning nagara Kangjĕng Sultan kawarnaa gĕrah lajĕng surudira pan sampun karsa Yyang Sukma	sangat tenteram negerinya. Diceritakan Kanjeng Sultan sakit lalu wafat. Sudah kehendak Hyang Sukma
124.	Mapan botĕn gadhah putra wus katur mring Senapatya mapan langkung ngungunnya dadya ing Pajang nĕgara	tidak mempunyai putra. Sudah diberitahukan kepada Senapati, sangat tertegun, jadi di negeri Pajang
125.	Tan wontĕn madĕg nalendra nglĕmpak Mĕntaram sadaya Madiyun ingkang winarna pan sĕdya ambĕg sarosa	tak ada yang bertahta menjadi raja, semua bersatu dengan Mataram. Diceritakan Madiun, ingin unjuk kekuatan,

No.	Alih Aksara	Terjemahan
126.	Panĕmbahan namanira Bang Wetan suyud sĕdaya mĕngkana Sang Senapatya mapan wus miarsa warta	Panembahan namanya, di bagian timur semua takluk. Demikianlah Sang Senapati, sudah mendengar kabar,
127.	Nulya nglurug Senapatya lan kang rayi Sang Pragola nulya pinĕthuk ing yu- (h. 383) da Madiyun wus kaciwa	lalu menyerbu Senapati dan Sang Pragola adiknya. Lalu dijemput dengan peperangan, Madiun kalah.
128.	Putranira estri juga langkung endah ingkang warna binoyong sampun kagarwa dhatĕng Kangjĕng Senapatya	Senang putrinya sangat cantik rupawan, diboyong dan sudah diperistri oleh Kanjeng Senapati.
129.	Datan lama sampun putra jalu bagus ingkang warna mapan pinaringan nama sira Pangran Pringgalaya	Tak beberapa lama sudah berputera, laki-laki tampan wajahnya, diberi nama Pangeran Pringgalaya.
130.	Dadya sĕkawan putranya Panĕmbahan Senapatya nanging kang jalu kewala kang putri datan winarna	Dengan demikian empat putranya Panembahan Senapati, hanya yang laki-laki saja, yang putri tidak diceritakan.
131.	Sĕmana ing tanah Jawa sakalangkung kartanira tan ana kang doracara mĕngkana ing lama-lama	Pada waktu itu di tanah Jawa, sangtlah tenteram, tidak ada kejahatan. Demikianlah lama kelamaan
132.	Kangjĕng Risang Senapatya Ngalaga karya Yyang Sukma gĕrah lajĕng kondurira dhumatĕng ngalam sampurna	Kanjeng Sang Senapati Ngalaga atas kehendak Hyang Sukma, sakit lalu kembali ke alam kesempurnaan.
133.	Obah kang bumi prakĕmpa ing tanah Jawa sĕdaya	Bumi guncang oleh gempa di seluruh tanah Jawa,

No.	Alih Aksara	Terjemahan
	mapan ilang cahyanira ing Mĕntaram kang winarna	hilang cahayanya. Diceritakan di Mataram
134.	Karsanya Ki Mandaraka lan Sang Dipati Pragola kang wayah Pa- (h. 384) ngran Dipatya ingkang kinarya nalendra	kehendak Ki Mandaraka dan Sang Adipati Pragola, cucunda Pangeran Adipati yang diangkat menjadi raja.
135.	Sĕmana ing tanah Jawa wus pulih kadya jĕnĕngnya duk Senapati Ngalaga Ki Mandaraka winarna	Demikianlah tanah Jawa, sudah pulih seperti ketika bertahtanya Senapati Ngalaga. Diceritakan Ki Mandaraka,
136.	Wus kondur mring ngalam mulya ingkang putra pan gumantya Ki Juru Kithing namanya tan ewah kadya kang rama	Sudah kembali ke alam kemuliaan. Putranya yang menggantikan, Ki Juru Kithing namanya, tak jauh berbeda dengan ayahandanya.
137.	Mĕngkana ing lama-lama Juru Taman kang winarna sasedanya Senapatya kang manah sampun kaduga	Demikianlah lama-kelamaan, Diceritakan Juru Taman, sepeninggal Senapati hatinya sudah tidak bisa
138.	Kĕlamun angayonana mring Senapati turunnya kĕrsanira yun mantuka lan wus mari bingungira	kalau mengabdi pada keturunan Senapati. (Ia) berkeinginan untuk pulang (karena ia) sudah tidak kebingungan.
139.	Kĕbo Kĕmili Larmonga tinantun samya sĕlaya kalih kĕdah dumugekna ngawula mring Ratu Jawa	Kebo Kemili dan Larmonga diajak tidak mau. Keduanya ingin sampai selesai mengabdi pada Raja Jawa.
140.	Nging Juru Taman pribadya kang manah kĕdah kaduga anulya lumĕbĕt dhustha	Hanya Juru Taman pribadi yang sampai hati lalu menjadi pencuri.

No.	Alih Aksara	Terjemahan
	sampun manjing dhatulaya	(Ia) sudah masuk istana,
141.	Karsanya mundhut pusaka agĕmnya Sang Senapatya (h. 385) Lisah Jayeng Katong rannya sĕmana pan wus kĕna[5]	mau mengambil pusaka milik Sang Senapati (yaitu) minyak Jayeng Katon namanya. Demikianlah sudah didapat,
142.	Juru Taman wus gumbira Kangjĕng Sultan kagyat nulya uninga kalĕbon dhustha pinirsa misah kang kĕna	Juru Taman sudah senang. Kanjeng Sultan terkejut, mengetahui ada pencuri masuk, dan diketahui minyak yang diambil.
143.	Kangjĕng Sultan mapan kĕna ngaturi dhatĕng kang raka prapta Jĕng Pangran Purbaya Jĕng Sultan aris ngandika	Kanjeng Sultan yang mengalami (pencurian), memanggil kakandanya. Kanjeng Pangeran Purbaya datang. Kanjeng Sultan berkata,
144.	Kangmas katiwasan kula Lisah Jayeng Katong musna cinidran mring duratmaka sampun binĕkta ngumbara	"Kanda, saya celaka, minyak Jayeng Katon hilang, diambil oleh pencuri, sudah dibawa lari.
145.	Juru Taman dugi kula bramatya Pangran Purbaya nulya mapit mring nalendra arsa nusul mring kang dhustha	Dugaan saya Juru Taman (pencurinya)." Pangeran Purbaya marah, lalu pamit kepada Raja, akan mengejar pencuri.
146.	Linilan lajĕng ngumbara Kangjĕng Pangeran Purbaya Juru Taman wus kĕpanggya inguwuh kinen mandhĕga	Diijinkan lalu berangkat Kanjeng Pangeran Purbaya, Juru Taman sudah ketemu, diteriaki disuruh berhenti.
147.	Wus kendĕl nulya tinanya eh ta Juru Taman sira anggawa lĕnga pusaka Juru Taman saurira	Sudah berhenti ditanya, "Heh engkau Juru Taman, membawa minyak pusaka." Jawab Juru Taman,

[5] Kurang satu suku kata.

No.	Alih Aksara	Terjemahan
148.	Mapan kawula tan priksa sarya rongeh (h. 386) ulatira měngkana osiking nala sěnadyan ingsun apranga	“Hamba tak tahu.” Sambil mencibir mukanya, demikian kata hatinya, “Walaupun aku berperang
149.	Kalawan Pangeran Purbaya yen padha siji kewala iya mangsa sun-ulapa, prandene ingsun yun lunga	melawan Pangeran Purbaya, satu lawan satu, tak ada rasa takut, tetapi aku ingin pergi.”
150.	Dangu-dangu pan kětara kang Lisah aneng siyungnya bramatya Pangran Purbaya Juru Taman wus uninga	Lama kelamaan kelihatan minyak di dalam taringnya. Marah Pangeran Purbaya, Juru Taman sudah tahu.
151.	Dumadya samya purunnya mapan yudaneng akasa tan ana ingkang kuciwa braja tan wontěn tumama	Jadi sama-sama mau berperang di angkasa, tak ada yang kalah atau menang, senjata tak ada yang mengenai.
152.	Měngkana Pangran Purbaya ing nala saya gěmbira Juru Taman ing solahnya pan wus karsaning Yyang Sukma	Demikianlah Pangeran Purbaya, di hati semakin senang. Juru Taman kelakuannya, sudah kehendak Hyang Sukma,
153.	Juru Tama apěsira sěmana sampun binanda kang lěnga nanging tan ana tinanya gumbira kewala	Juru Taman sial. Demikianlah sudah diikat, tetapi minyak tidak ada. Ditanya gembira saja,
154.	Jěng Pangran langkung bramatya Juru Taman pinilara dene alawan tan bisa ingudharan gělungira	Kanjeng Pangeran sangat marah, Juru Taman dianiaya, tidak bisa melawan, dilepas gelungnya,
155.	Na- (h. 387) nging měksa tan	tetapi tetap tak ditemukan.

No.	Alih Aksara	Terjemahan
	kĕpanggya dinangu kumbi kewala dadya cinangas cangkĕmnya katĕmu neng siyungira	Ditanya berkeras saja, maka dibuka paksa mulutnya, ketemu di taringnya.
156.	Jĕng Pangran saya bramatya wus kĕtara cidranira nulya pinothes siyungnya netra cinublĕs kalihnya	Kanjeng Pangeran semakin marah, sudah terlihat kejahatannya, lalu dicongkel taringnya. Kedua mata ditusuk
157.	Ing gunting ingkang kinarya yen kenginga ing palastra kaya sampun pĕjah ika nanging Juru Taman iya	dengan memakai gunting. Jika ia bisa mati, tampaknya sudah mati itu. Tetapi Juru Taman
158.	Nora suda manahira anulya ngucap mĕngkana eh ya Pangeran Purbaya ing mangko iki ta iya	tidak berkurang keberaniaannya, lalu mengatakan demikian, “Hai Pangeran Purbaya, sekarang ini
159.	Ingsun tan bisa malĕsa ing besuk kĕlamun ana wong bule siwĕr netranya karo iku denprayitna	aku tak bisa membalas. Kelak kalau ada orang bule matanya juling, dengannya berhati-hatilah,
160.	Tan wurung winalĕs sira ngandika Pangran Purbaya iya ing besuk mĕngkoa pan ingsun mangsa wĕdiya	pasti terbalas engkau.” Pangeran Purbaya berkata, “Ya kelak kemudian hari, aku tak mungkin takut.”
161.	Mĕngkana Pangran Purbaya wus kondur lisah binĕkta nanging risak wadhahira lan kang rayi wus apanggya	Demikianlah Pangeran Purbaya, sudah kembali membawa minyak, tetapi rusak wadahnya. Sudah bertemu sang adik,
162.	Anu- (h. 388) lya anjawat asta wus katur sasolahira	lalu berjabat tangan, sudah disampaikan semuanya.

No.	Alih Aksara	Terjemahan
	Jěng Sultan sangět ngungunnya aris denira ngandika	Kanjeng Sultan sangat keheranan, halus katanya,
163.	Mring raka Pangran Purbaya Kangmas kang lisah punika sampeyan agěm priyangga manah kula sampun gěla	kepada kakanda pangeran Purbaya. “Kakanda minyak itu, engkau pakai sendiri, perasaanku sudah (telanjur) kecewa.”
164.	Dadya kang lisah mangkana dadya wasiyat Purbaya měngkana kang cinarita langkung arja tanah Jawa	Demikianlah minyak itu, menjadi wasiat Purbaya. Demikianlah konon ceritanya, sangat sejahtera tanah Jawa.
165.	Dene pakarya něgara sampun bubuhan kewala sěpira kathahe ika ing aprang Pangran Purbaya	Adapun tugas kenegaraan, sudah dibagikan saja, seberapa banyaknya, untuk perang Pangeran Purbaya,
166.	Yen lěmbat pakewuh ika pan iku kang duwe karya Pangran Juminah punika mila kěrta tanah Jawa	Kalau masalah kecil, itu yang bertugas Pangeran Juminah, maka tenteram tanah Jawa.
167.	Měngkana ingkang winarna Kangjěng Sultan wus puputra aněnggih pěmbajěngira nama Pangran Natapura	Demikianlah diceritakan, Kanjeng Sultan sudah berputra, adapun sulungnya, nama Pangeran Natapura.
168.	Ingkang rayi namanira Pangeran Rangsang punika nulya arinya wanodya Ratu Wandhan namanira	Adiknya bernama, Pangeran Rangsang, lalu adik perempuan, Ratu Wandan namanya.
169.	Riwusnya lama-lama ka- (h. 389) tiga sampun diwasa nanging kang dadi carita Kangjěng Pangran Rangsang ika	Setelah beberapa lama, ketiganya sudah dewasa, tetapi yang jadi cerita, Kanjeng Pangeran Rangsang.

No.	Alih Aksara	Terjemahan
170.	Kĕlangkung brangta Yyang Sukma tan ngetang kamulyan donya malah supe mring salira kongsi anggĕguru raos ika	(Ia) sangat mencintai Hyang Sukma, tak memperhitungkan kekayaan dunia, malah lupa pada dirinya, hingga mengikuti rasa.
171.	Pan sampun karsaning Sukma tan kenging winaonana kĕdah mĕngkana esthinya Kangjĕng Pangran Rangsang ika	Sudah kehendak Sukma, tak bisa dibantah, harus demikian kehendaknya. Kanjeng Pangeran Rangsang
172.	Tan ana wĕkasaneya wong urip ana ing dunya yen manggunga olah raga dadi lir pocung [6]kewala	tiada ada hentinya orang hidup di dunia kalau selalu mengutamakan olah raga, jadi seperti *pocung* (pocong) saja.

[6] Penanda pergantian menuju *pupuh pocung*